

ITANGAZO RISOZERA URUGANDA RW'IKIYAGO CAHUJE ABARONGOYE
IBIMENYESHAMAKURU, NA NYENICUBAHIRO VARISITO NDAYISHIMIYE , UMUKURU
W'IGIHUGU C'UBURUNDI.

Ku magenekerezo ya 27 na 28 Nzero 2021, mu nyubakwa zi hoteri Kiriri Garden, mu gisagara ca Bujumbura, abarongoye ibimenyeshamakuru, be n'abakurikiranira hafi ibijanye n'umwuga wo kumenyeshama amakuru, bifadikaniye n'Ububushikiranganji bwo kumenyeshama amakuru, ubuhinga bwa none n'ibimenyeshamakuru, baratunganije inama yo guhanahana ivyiyumviro ku ruhara be n'ivyokorwa n'ibimenyeshamakuru mu guteza imbere igihugu be n'ugushigikira umubano mwiza no gukingira agateka ka zina muntu.

Umusi wa mbere w'ibikorwa, kabaye akaryo keza ko gukurikirana inyigisho zashikirijwe n'abahinga be no guhanahana ivyiyumviro ku vyigwa bikurikira :

- Akarangamutima n'inyifato y'abamenyeshamakuru mu gushigikira umubano mwiza no gukingira agateka ka zina muntu.
- Uruhara rw'ibimenyeshamakuru mu gihugu ;
- Ikoreshwa ry'ubuhinga ngurukanabumenyi mu guhanahana amakuru n'isuzumwa ry'inkuru zica ku mihora ngurukanabumenyi : dufatiye ku bimenyeshamakuru bicisha inkuru ku mihora ngurukanabumenyi;
- Uruhara rw'abayobozi n'abamenyeshamakuru mw'iterambere ry'igihugu cacu c'Uburundi

Abahinga bamaze gushikiriza inyigisho zijanye n'ivyo vyigwa, hakurikiye uguhanahana ivyiyumviro n'intererano hisunzwe ivyigwa vyatanzwe. Hakurikiye gutanga intererano z'ibisabwa abajewe intwari, abakurikiranira ibijanye n'umwuga wo kumenyeshama amakuru, ibimenyeshamakuru hamwe n'abajewe ibimenyeshamakuru.

Umusi ugira kabiri ari na wo wa nyuma, ryabaye iteka ku bari aho, ko kwiganirira na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ku majamba « Reta Mvyeyi, Reta Nkozi »

Mu majamba Umukuru w'Igihugu yagiye arashikiriza, yateye intege abamenyeshamakuru, anabakengurukira kuri icyo cyumviro.

Yatanze n'impanuro ku bijanye no kwubaha hamwe no kwubahiriza akarangamutima mu bijanye no kumenyeshama amakuru, agirako anabaturirira :

- Kubandanya bashigikira ishiramungiro ry'imigambi y'iterambere n'imibano imbere ya vyose nka bene Burundi ;
- Kubandanya bakora bimwe biboneka mu kugira uruhara rwabo rwo gushikiriza imigambi y'abajewe intwari ku benegihugu, be no gushikiriza ivyo abenegihugu bagona ku neza ya bose ;

Umukuru w'Igihugu imbere yugusozera yahaye akanya abaserukira abandi mubarongoye ibimenyeshamakuru, kugira bashikirize akari ku mutima.

Nyenicubahiro umukuru w'igihugu yakengurutse intererano zashikirjwe, yongera yishura ku bibazo bimwe bimwe vy'inkoramutima.

Nyenicubahiro akaba yasavye ashimitse urwego rukuru rujejwe rujejwe gucungera ibimenyeshamakuru CNC) ngo rurabire hamwe nabo vyega ko ikibazo kijanye n'ibimenyeshamakuru n'amaradiyo vyafatiwe ibihano, ibindi bigahagarikwa ko cotorerwa inyishu mu maguru masha ku neza ya bose.

Yagiriye ko asaba Umushikiranganji ajejwe kumenyesha amakuru, ko afatanije n'abo bose vyega, borabira hamwe ukungene amafaranga atangwa n'amaradiyo muri ARCT ku mwaka vyokorwa mu buryo butavuna.

Ku bindi bibazo n'intererano vyashikirijwe muri uwo mubonano, Umukuru w'Igihugu yamanyesheje ko bizobandanya vyirwa na reta kugira bitorerwe umuti. Aho ni nk'ikijanye n'ishirahamwe STNB, mu misi iri imbere izotangura gukora kuko atanzitizi n'imwe irimwo.

Yasozereye yemerera abari aho, ko Reta arongoye, izobandanya ishigikira igisata co kumenyesha amakuru, mu ntumbero y'ukubahiriza ubwigenge bwo kumenyesha amakuru, no gutsimbataza intwari rusangi n'umwidegemvyo mu gushikiriza ivyiyumviro vyubaka.

Abarongoye ibimenyeshamakuru nabo biyemeje ibi bikurikira:

- Gutunganya kenshi gashoboka inyigisho ku bijanye n'inyifato be n'akarangamutima mu ntumbero yo kuzitira bataronerwa ;
- Kugwiza ibiganiro bikaburira abenegihugu kwidagemevyo mu kubumbatira ubumwe n'umutekano mu bonse rimwe ;
- Gufasha abenegihugu guhindura inyifato babicishije mu biganiro bibahimiriza kugwiza umwimbu bisunze umugambi w'iterambere rirama ;
- Guhimiriza abarongoye ibimenyeshamakuru be n'abamenyeshamakuru gusuzuma inkuru zica ku mbuga ngurukanabumenyi imbere yo kuzishikiriza
- Gushigikira imigambi ya Reta mu kuyishikiriza abenegihugu, no gushigikira utwigoro be n'ibikorwa vyiza vy'abenegihugu mu ntumbero yo kubera abandi icirore be n'akarorero keza ;
- Gufasha gutahura no gutahura abenegihugu ibiriko birakorwa mu gihugu be no gushigikirana ;

Mu kurangiza urwo ruganda kabaye akaryo keza ku bari aho ko gusangira no kwifurizanya Umwaka mwiza wa 2021, hagati y'abarongoye ibimenyeshamakuru, abakozi bakuru bo mu biro vy'umukuru w'igihugu, abo mu bushikiranganji bwo kumenyesha amakuru be na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu cacu c'Uburundi.

